

Kisa pou konnen pandan COVID-19



Tès pou COVID-19

Fè tès pou COVID-19, epi swiv pwochèt etap yo si tès la pozitif kapab sove lòt vi. Sa ka pwoteje lavi w ak lavi fanmi w, zanmi w, vwazen w, ak anpil lòt.

Asire w ke w mande enfòmasyon nan kominote legliz, sant sante kominotè, sistèm lopital, oswa lòt òganizasyon nan kominote w sou kilè kap gen tès nan kominote w pou kapab toujou fè tès gratis regilyèman, kèlkeswa estati imigrasyon w.

Rekòmandasyon pwofesyonèl sante yo mande pou fè tès regilyèman, menmsi ou pa gen sentòm, si wap viv nan youn nan vil ki gen plis abitan yo, espesyalman si nou youn ap viv pre lòt.

Vizite ct.gov/prioritytesting pou jwenn yon sant tès gratis ki tou pre lakay ou.

Rechèch Kontak COVID-19

Si ou teste pozitif, ou mèt atann yon apèl de yon chèchè kontak, epi atann ou tou pou gen yon konvèsasyon detaye avèl sou moun ou te gentan gen kontak avèk yo. Konvèsasyon ak chèchè kontak yo ka sove vi, epi kanpe pwopagasyon COVID-19 la.

Apèl chèchè kontak la ap monte sou telefòn ou tankou CTCOVIDTRACE, oswa apel la ka soti nan depatman sante lokalitew. Ou dwe konnen ke enfòmasyon pèsònèl ou yo sou santew ap rete pwoteje nan pwosesis sa.

Chèchè kontak yo pap mandew pou rele yon nimewo "1-900" oswa "900", yo pap kontaktew atravè rezo sosyal, epi yo pap mande enfòmasyon finansye oswa nimewo sekirite sosyal.

Vizite ct.gov/coronavirus pou plis enfòmasyon sou
COVID-19 nan Connecticut

Aksè ak Asirans Sante

Access Health CT (AHCT) bay tèt li misyon pou ogmante kantite rezidan asire ki nan eta nou an. Jodia li trè enpòtan pou pwoteje santew ak finans ou.

Ekip nou an kapab edew chwazi, konpare epi enskri nan yon plan sante de kalite nan yon konpayi asirans ki gen non. Epi se sèl kote kotew tap ka kalifye pou pwoteksyon asirans gratis oswa a pri ki ba.

Ou kapab enskri kounya si ou kalifye pou HUSKY Health (Medicaid/Children's Health Insurance Program [Pwogram Asirans Sante Timoun]) OSWA si wap VIV yon Sityasyon ki Kalifyew pou yon Enskripsyon Espesyal. Sityasyon sa yo gen ladan yo pèt pwoteksyon akòz de pèt/chanjman travay ak pèt pwoteksyon atravè yon paran, madanm oswa mari. Nan tan difisil sa yo, ede Access Health CT gaye nouvel la ke nou la pou ede rezidan Connecticut yo gen pwoteksyon asirans!

Resansman 2020

Resansman an plis ke yon senp kontaj efektiv. Done resansman yo ap itilize pou kapab detèmine konbyen lajan Connecticut ap resevwa nan men fon finansman federal pou sipòte sèvis esansyèl yo tankou lekòl, lopital, pwojè transpò, ak anpil lòt.

Si nou pa fè yon kalkil total, manje lekòl ak pwogram edikasyon espesyal ou a kapab kanpe. Sèvis ponpye w lan tap san resous nan mitan dezans la. Epi tou ou te ka wè yon regresyon nan sèvis sante vital yo ke sa ki pi vilnerab yo bezwen.

Reponn kounya anliy nan [2020Census.gov](https://www.2020Census.gov) oswa pa telefòn nan 844-330-2020 (English) oswa 844-468-2020 (Español).

Si ou bezwen asistans



Si ou bezwen jwenn aksè ak nenpòt resous ki enkli manje, lojman, oswa swen pou timoun, tanpri konpoze 2-1-1, oswa vizite www.211ct.org.

Vizite ct.gov/coronavirus pou plis enfòmasyon sou COVID-19 nan Connecticut